



COVID-19 ak Konje Maladi Peye

Travayè ki genyen COVID-19 oubyen ki te an kontak avèk yon moun ki gen COVID-19 ka pran konje maladi (tan lib) kèlkeswa estati l antanke imigran. Lalwa eta ak lalwa lokal yo kite travayè yo pran konje pou yo ka pran swen tèt yo oubyen pou yo ka pran swen yon manm nan fanmi yo. Tankou, travayè yo ka pran konje pou mete tèt yo an karantèn* oubyen izole tèt yo oubyen si lekòl oubyen gadri piti yo fèmen. Anplwayè yo pa ka pa byen trete oubyen pini anplwaye yo si yo itilize oubyen mande konje maladi. Fèy sa genyen yon rezime tout lwa yo.

Nòt: Menmsi gen yon lwa federal ki ekspire 31 desanm 2020, travayè yo ka toujou an mezi pou yo mande avantaj federal pou konje maladi yo te itilize nan lane 2020 an.

*Rete an karantèn vle di rete lwen tout moun pandan 10 jou pou evite w simaye COVID-19 la.

ETA:

Lwa sou konje maladi peye nan ijans COVID-19 Leta Nouyòk la

Kiyès ki kouvri	Kisa ki kouvri	Tan ki kouvri
<p>Tout travayè sektè prive ak piblik yo mete an karantèn. Travayè yo dwe rele 855-491-2667 pou yo jwenn yon lòd pou yo rete an karantèn.</p> <p>Travayè ki ka gen avantaj federal yo akòz Konje Maladi Peye ki gen rapò ak COVID-19 anba Lwa Federal Sou Entèkansyon Kont Kowonaviris Fanmi Anvan (Families First Coronavirus Response Act, FFCRA) (gade seksyon federal la) dwe itilize yo anvan epi sa ka rive ke se sèl avantaj eta a yo ka itilize si lalwa eta a bay plis avantaj pase FFCRA.</p> <p>Travayè yo <i>pa kouvri</i> si yo te vizite yon zòn ke Eta New York gen restriksyon sou li pou vwayaj pèsònèl yo.</p>	<p>Konje maladi peye yo kouvri pou travayè ki gen lòd pou yo rete an karantèn.</p> <p>Pa egzanp, yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> gen sentom COVID-19; oswa yo te gen kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19. 	<p>Sa depan de gwosè biznis lan ak/oswa revni anplwayè a, travayè yo ka genyen ant 5 a 14 <i>jou peye</i> nan men anplwayè yo.</p> <p>Nòt: Travayè yo ka itilize tou Konje Fanmi Peye oswa avantaj pou moun ki andikape yo pou jou yo <i>fè an karantèn ke anplwayè yo pa peye</i> yo.</p> <p>Selon lalwa eta a konje maladi peye yo se yon adisyon anplis konje maladi peye akimile yo anba lalwa vil la.</p>

Kontakte Depatman Sante nan Eta New York: Rele **844-337-6303** | Vizite paidfamilyleave.ny.gov/covid19

Konje Peye pou Vaksinasyon kont COVID-19 nan Eta New York *Lwa sa an vigè depi 12/3/2021 jiska 31/12/2022.*

Kiyès ki kouvri	Kisa ki kouvri	Tan ki kouvri
<p>Tout moun k ap travay nan sektè prive ak sektè piblik nan Eta New York, kèlkeswa gwosè biznis lan.</p>	<p>Konje maladi peye yo se poutravayè ki pran:</p> <ul style="list-style-type: none"> yon sèl dòz vaksen COVID-19 si se sa vaksen an mande; oswa de dòz vaksen COVID-19 si se sa vaksen an mande 	<p>Travayè yo ka jwenn jiska 4 èdtan pou chak dòz vaksen, li ka rive jiska 8 èdtan an total.</p> <p>Nòt: Konje Peye pou Vaksinasyon COVID-19 yo genyen tou konje ki akimile anba lwa Leta oswa lwa Vil ki Peye pou Konje Maladi. Travayè yo ka itilize konje akimile yo pou yo fin refè aprè efè segondè vaksen COVID-19 la.</p>

Kontakte Depatman Travay nan Eta New York: Rele **888-469-7365** | Vizite dol.ny.gov epi chèche "paid leave for COVID vaccine" (Konje peye pou vaksen COVID-19)

[Lwalwa lokal ak federal yo >>](#)

LOKAL

Lwa Konje pou Sekirite ak Maladi Peye nan New York

Kiyès ki kouvri	Kisa ki kouvri	Tan ki kouvri
<p>Tout travayè domestik (nan fwaye) ak travayè ki nan nenpòt biznis kèlkeswa gwose li nan Vil New York (tankou travayè tout jounen, demi-jounen, ak travayè tanporè).</p>	<p>Konje maladi yo kouvri pou tout travayè ki:</p> <ul style="list-style-type: none"> malad; bezwen swen pou prevansyon; sipoze rete an karantèn; ap chèche dyagnostike oswa ki ap chèche tretman pou yon maladi, yon domaj, oswa yon kondisyon sante; oswa sipoze pran swen yon manm fanmi akòz rezon ki anlè yo. <p>Yo peye konje maladi a tout travayè domestik ak travayè ki pa domestik si anplwaye a gen 5 moun ki ap travay avè l oswa plis.</p> <p>Yo pa peye konje maladi pou travayè ki pa domestik si anplwaye a gen mwens pase 5 moun k ap travay avè l epi revni l apre l fin retire depans yo mwens pase \$1 milyon.</p>	<p>Sa depan de gwose biznis lan:</p> <ul style="list-style-type: none"> (100+ travayè) Travayè yo ka genyen <i>jiska 56 èdtan</i> konje maladi chak ane. (1-99 travayè) Travayè yo ka genyen <i>jiska 40 èdtan</i> konje maladi chak ane. <p>Nòt: Tout travayè dwe genyen inè konje maladi pou chak 30 èdtan travay.</p>

? Kontakte Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè NYC: Rele **311** epi di “Paid Safe and Sick Leave” (Konje pou Sekirite ak Maladi Peye) | Vizite nyc.gov/workers | Imel OLPS@dca.nyc.gov Anplwayè yo sèlman ka tchat sou entènèt sou nyc.gov/BusinessToolbox.

FEDERAL

Konje Maladi Peye ki gen rapò ak COVID-19 anba Lwa Federal Sou Entèvansyon Kont Kowonaviris Fanmi Anvan (FFCRA)

Lwa federal la te an vigè depi 2/4/2020 pou jiska 31/12/2020. Travayè yo kapab anmezi pou reklame avantaj federal sou konje maladi yo itilize pandan peryòd sa.

Kiyès ki kouvri	Kisa ki kouvri	Tan ki kouvri
<p>Travayè ki nan sektè prive ak nan sektè piblik anplwaye ki gen 500 oswa pi piti travayè (sa gen ladan travayè tout jounen ak demi jounen).</p> <p>Travayè yo <i>gendwa pa kouvri</i> si:</p> <ul style="list-style-type: none"> yo se travayè swen sante oswa sekouris; oswa anplwaye a gen 50 oswa mwens travayè epi li ap fè fas ak yon sitiyasyon ekonomik ki difisil. 	<p>Konje maladi peye yo kouvri pou travayè ki:</p> <ul style="list-style-type: none"> te resevwa lòd pou yo mete tèt yo an karantèn oswa ki ap pran swen yon manm fanmi ki te resevwa lòd pou li ret an karantèn; an karantèn paske doktè yo te mande yo sa; gen sentom COVID-19 yo epi ki ap chèche dyagnostik; te resevwa yon dyagnostik kondisyon sante ki gen rapò ak COVID-19; oswa gen timoun ki gen gadri oswa lekòl yo ki fèmen akòz COVID-19. 	<p>Sa depan de estati travay a:</p> <ul style="list-style-type: none"> Travayè tout jounen ka itilize <i>jiska 80 èdtan travay</i>. Travayè demi jounen ka itilize mwayèn kantite èdtan travay yo travay la nan yon peryòd de semèn. <p>Nòt: Travayè yo ka elijib pou peman anplis oswa konje san peye anba Lwa sou Konje Familyal ak Medikal (Family and Medical Leave Act, FMLA).</p>

? Kontakte Depatman Travay Etazini an: Rele **866-487-9243** | Vizite dol.gov/agencies/whd/pandemic